



Pou Piblikasyon Imedya: 02/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETA NEW YORK AP ETANN PATENARYA LI AVÈK HELLOFRESH POU KONBAT ENSEKIRITE ALIMANTÈ NAN MITAN PANDEMI COVID-19 LA

Pwogram avèk Divizyon Eta a pou Sèvis Veteran an konsantre sou adrese sekirite alimantè nan mitan veteran yo, fanmi militè yo ak lòt Nouyòkè yo ki afekte gravman anba COVID-19 la

Pwogram lan fonde sou Inisyativ Nouri New York ki gen siksè Gouvènè a epi li pral bay plis pase 200,000 pla manje rive nan fen ane a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Divizyon pou Sèvis Veteran (Division of Veterans' Services) Eta New York lan pral etann yon patenarya avèk HelloFresh, konpayi livrezon kit pla manje ki se lidè nan monn lan, pou konbat ensekirite alimantè nan mitan pandemi COVID-19 la. HelloFresh pral bay plis pase 200,000 pla manje ki fre bay veteran yo, fanmi militè yo ak lòt rezidan yo nan Vil New York ki ap eksperimante ensekirite alimantè kòm rezilta kriz COVID-19 la. Pwogram la fonde sou Inisyativ Nouri New York (Nourish New York initiative) ki gen siksè a, yon efò milti-ajans pou redwi ensekirite alimantè ak sipòte pwodikti manje yo pandan moman san presedan sa a.

HelloFresh ak Divizyon pou Sèvis Veteran Eta New York te lanse yon pwogram pilòt inisyalyan jen, nan bay plis pase 65,000 pla manje jiska prezan bay fanmi yo nan Vil New York.

"Pandemi an te ogmante ensekirite alimantè nan tout New York ak nan tout nasyon sa a epi se moun ki plis vilnerab pami nou yo ki sipòte fado a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen fyè pou mwen wè konpayi New York pran pozisyon pou ede asire ke okenn fanmi pa rete grangou epi nan non Nouyòkè yo - mèsè HelloFresh pou devouman ak efò li yo nan misyon enpòtan sa a."

Direktè Egzekitif HelloFresh Us Uwe Voss te deklare, "Nan HelloFresh, nou kwè ke tout moun ta dwe gen aksè ak manje ki fre, ki bon pou lasante ak kapasite pou pataje yon manje ki fèt lakay avèk pwòch yo. Nou ekstèmeman fyè pou sipòte efò Gouvènè Cuomo yo nan bay kit pla manje ki nourisan pou veteran yo epi Nouyòkè yo ap fè fas ak difikilte pandan pandemi an".

Chak semèn, volontè yo avèk Veteran Nwa pou Jistis Sosyal (Black Veterans for Social Justice) ak Kanpay Kont Grangou A (The Campaign Against Hunger, TCAH) anbale ak rasanble kit pla manje HelloFresh yo ki gen ladan, engredyan ki fre, ki gen anpil kalite, kat resèt yo ak yon sachè fwi - gratis - pou veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi yo, ak lòt Nouyòkè ki afekte gravman anba COVID-19 la. Yo anbale kit pla manje yo nan katye jeneral Brooklyn TCAH a epi yo distribye yo, avèk èd Depatman Afè Veteran (Department of Veteran's Affairs) NYC pou, bay moun nan Vil New York ki gen difikilte aktyèlman pou mete manje ki bon pou lasante, ki nourisan sou tab yo.

Aprè siksè pwogram pilòt inisyalyan la, HelloFresh ak Eta New York pral etann pwogram lan nan Brooklyn, sa ki bay 150,000 pla manje anplis pou veteran yo ak fanmi ki nan ensekirite alimantè yo pandan kat pwochen mwa yo.

Ensekirite alimantè a wo nan pami veteran yo, manm sèvis yo ak fanmi yo. Depatman Afè Veteran Etazini an rapòte ke veteran yo ki te sèvi nan lagè an Iraq ak Afghanistan gen defwa chans pou yo nan ensekirite alimantè an konparezon ak popilasyon jeneral la, epi yon etid yo te fè an 2018 te montre ke 1.5 milyon veteran nan Etazini te ap viv nan yon fanmi ki te depann konplètman de avantaj Pwogram Asistans Nitrisyon Siplèmantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) yo pou konplete rasyon alimantè yo. Nan Eta New York sèlman, dapre Sant sou Bidjè ak Priorite Politik (Center on Budget & Policy Priorities), 59,000 veteran depann de avantaj SNAP yo pou nourri tèt yo ak fanmi yo — yon chif ki senpleman anpire akòz enpak grav COVID-19 yo.

Direktè Ekzekitif Adjwen nan Divizyon Afè Veteran Eta New York lan, Joel Evans te deklare, "Okenn veteran pa ta dwe janm konfwonte ak mank manje pou tèt yo oswa pou manm fanmi yo. Malerezman, defi medikal ak finansye yo ke COVID-19 la enpoze yo te plase twòp nan ewo Eta nou yo ak fanmi yo nan pozisyon danjere sa a. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak HelloFresh dèske yo mete resous pou adrese pwoblèm enpòtan sa a, epi nou ofri pi gwo gratitud nou bay tout veteran yo ak defansè veteran yo ki te fè volontarya nan tan yo pou ede nan efò nesès sa a".

Direktè Egzekitif ak Fondatè Kanpay Kont Grangou A, Dr. Melony Samuels, te deklare, "Kanpay Kont Grangou A kontan anpil pou fè patenarya avèk Hello Fresh pou sipòte veteran yo ki te plonje nan ensekirite alimantè akòz COVID-19. Veteran yo te sèvi peyi nou an yon fason dezenterese, epi nou dwe kounye a asire ke bezwen yo a satisfè epi ke yo osant tout efò pou soulajman yo. Ansanm, nou ap asire ke veteran yo genyen aksè nan manje ki nitritif pandan nou ap navige nan moman ensèten sa a nan vil nou an ak nan peyi nou an. Mwen aplodi Hello Fresh dèske li te pran inisyativ pou asire ke veteran nou yo genyen sa yo bezwen pou yo viv ak pwospere".

Direktè Egzekitif Veteran Nwa pou Jistis Sosyal, Wendy McClinton, te deklare, "Tout bagay fèt pou amelyorasyon Veteran yo, fanmi yo ak kominote a! Toujou An Avan, Jamè An Aryè".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)